

A group of diverse people, including men and women of various ethnicities, are huddled together in a warm embrace. They are standing in front of a large, simple wooden cross. The background is a bright sunset or sunrise, with the sun low on the horizon, creating a golden glow. Above the cross, a faint, ethereal image of Jesus with long hair and a beard is visible against the sky. The overall mood is one of unity, love, and spiritual connection.

“Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raIshe wedu, Jesu Kristu, kuti imi mose mutaure chinhu chimwe, kuti pakati penyu kurege kuva nokupesana; asi kuti musanganiswe zvakanaka pamurangariro mumwe nokufunga kumwe” (1 VaKorinte 1:10)

Mushure mekukwazisa vaKorinte nekuvarumbidza nekukura kwavo mumweya, Pauro anoenderera mberi nekutaura nezvedambudziko rekutanga rinokanganisa kereke iyoyo: kushaikwa kwekubatana.

Mutsamba dzose dzaPauro kuvaKorinte, nedzimwe dzakanyorwa, tinoona mapiro aanotiita gwara rekugadzirisa dambudziko iri, iro rinogonawo kukanganisa masangano nhasi.

Pane chinhu chimwe chete chakajeka kubva pakutanga: kubatana musangano hakugone kuwanikwa nesimba revanhu. Tinogona kungowana kubatana chete kana tikaisa pfungwa dzedu pana Jesu.



➡ **Matambudziko anokonzera kusabatana:**

➡ **Kuparadzana nekukakavadzana**

➡ **Maitiro ekuchengetedza kubatana:**

➡ **Kubatana muna Jesu**

➡ **Huchenjeri uye kukura**


➡ **Kushumira nekuzvininipisa**

➡ **Kuremekedza vatungamiri**

MATAMBUDZIKO
ANOKONZERA
KUSABATANA

KUPARADZANA NEKUKAKAVADZANA

"Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raIshe wedu, Jesu Kristu, kuti imi mose mutaure chinhu chimwe, kuti pakati penyu kurege kuva nokupesana; asi kuti musanganiswe zvakanaka pamurangariro mumwe nokufunga kumwe." (1 VaKorinte 1:10)



Ndeapi mapoka akanga aripo musangano reKorinte(1 VaKo. 1:12)?

Vatungamiri vakasiyana-siyana vakanga vapfuura nomuKorinde, uye mutendi mumwe nomumwe akanga aine muparidzi wake waaida kwazvo (Pauro, Aporo, Petro...) Izvi zvakanga zvasvika padanho rokumutsa nharo pakati pavo(1 VaKo. 1:11).

Vasingazivi kuti vose vakanga vachiparidza shoko rimwe chete, vakaisa pfungwa dzavo pazvinhu zvisina basa (1 VaKo. 3:5-8).



Zvishoma nezvishoma, hupenyu hwesangano hwakakanganiswa (1VaKo. 3:3). Kushaikwa kwokubatana kwakashatisa kuitwa kwe Chidyo chaTenzi(1 VaKo. 11:33), uye vakatosvika pakukwirirana kumatare edzimhosva (1 VaKo. 6:1).



MAITIRO
EKUCHENGETEDZA
KUBATANA

KUBATANA MUNA JESU

"Mwari ndiye akatendeka, wamakadanwa naye kuyanana noMwanakomana wake, Jesu Kristu, Ishe wedu." (1 VaKorinte 1:9)


"Ko Kristu akaparadzaniwa here? Ko Pauro akaroverwa pamuchinjikwa nokuda kwenyu here? Ko makabhabhatidzwa muzita raPauro here?" (1 VaKorinte 1:13). Nemibvunzo iyi, Pauro anoda kuita kuti vafungisise.

Kubatana kunogona kungowanikwa chete kana tiina Jesu salshe wedu. Kubatana hakusi kuwanikwa nekutevera pfungwa dzhama kana hanzvadzi, kana nekuumba mapoka akavharirwa.

Asi kubatana muna Jesu hakusi kufanana. Hazvirevi kuti tese tinofunga zvakafanana pazvinhu zvese, kana kuti tese tinoita zvinhu zvakafanana.

Misiyano miduku yemafungiro, zvipo zvakasiyana-siyana izvo mumwe nomumwe anazvo, kana zvakanangidzirwa pana Kristu, panzvimbo pokuparira kusabatana, zvinoparira kubatana (1 VaKo. 12:12-13, 25, 27).

Kubatana musangano kunowanikwa chete nekufa kuzvido zvedu nekurarama tichishandira Jesu..



HUCHENJERI UYE KUKURA

“Ini, hama dzangu, ndakanga ndisingagoni kutaura nemi sokuna voMweya, asi sokuna venyama, sokuna vacheche muna Kristu.” (1 VaKorinte 3:1)

Pauro anodana vaKristu vasati vakura pakunamata, “vacheche muna Kristu,” “venyama” (1 VaKorinte 3:1). Rudzi urwu rwevaKristu runonyanya kutarisa kuvanhu pane kuna Jesu.

Kana vamwe vatungamiri vakapiwa rukudzo rwakanyanyisa vachienzaniswa nevamwe, panomuka mapoka anoparadzanisa sangano. Izvi zvinokonzerwa nekushaya kukura pamweya. Naizvozvo, Pauro anotikoka kuti tisvike pakukura muna Kristu (1 VaKorinte 2:6)

Hucheche



Vanenge
vacheche
(1 VaKo. 3:1)



Vanodya mukaka
(1 VaKo. 3:2)



Ndevenyama
(1 VaKo. 3:3)



Vanofurirwa
nemafungiro evamwe
(1 VaKo. 3:4)

Kukura



Vakuru
(1 VaKo. 14:20)



Vanodya zvokudya
zvikukutu
(VaHeb. 5:14)



Vanhu voMweya.
(1 VaKo. 2:13)



Vane nzwisiso
yemweya
(1 VaKo. 2:14)

KUSHUMIRA NEKUZVININIPISA

"Munhu upi noupi ngaatirangarire saizvozvo kuti tiri varanda vaKristu, vachengeti vezvakavanzika zvaMwari." (1 VaKorinte 4:1)

Sezvazvino, muzana remakore rekutanga, vanhu vaipatsanurwa nezvitendero zvematongerwo enyika, zvepfungwa, zvechitendero, nezvimwewo. Tingadzivirira sei mafungiro aya kuti asapinde musangano uye kuti asaparadzanise?



Mafungiro emutungamiri ane basa guru. Vatungamiri vesangano vanofanira kunyatsoziva basa ravo sevatariri. Sangano harisi ravo; vanongoritarira vakamiririra Kristu.

Mutungamiriri wesangano ndiJesu, vamwe vese vanoitungamira se“varanda vaKristu” (1 VaKo. 4:1).


Muranda anotarisira anofanira kuzvibata semabatiro anoita Ishe wake: anogara achida kuzvipira kushumira vamwe achizvininipisa (VaFi. 2:3-8).

Ko, pangava nekubatana kwakaita sei musangano kudai munhu wese—kwete vatungamiri chete, asi nhengo imwe neimwe—yaingaita saizvozvo?



KUREMEKEDZA VATUNGAMIRI

"Zvino, pazvinhu izvi, pavatariri panotsvakwa, kuti munhu awanikwe akatendeka." (1 VaKorinte 4:2)



Kuvapo kwemakwikwi nemapoka akapoterredza vatungamiri hakurevi kuti tinofanira kuvaramba. Pane kudaro, Pauro akatsigira nekudzivirira hushumiri hwaAporo nebasa rake muKorinte (1 VaKorinte 3:5-6; 4:6; 16:12).

Kana vatungamiri vachiita basa ravo nekutendeka, vanofanirwa kukudzwa (1 VaKorinte 4:2; 1 Timoti 5:17). Asi kunyange vakasawana rukudzo irworwo, vanoramba vakavimbika nekuti vanoziva kuti Mwari pachake, kwete vanhu, ndiye anofanira kuvatonga (1 VaKorinte 4:3-4).



Frank and Walter Bond were the first missionaries in Spain. Walter died for his faith in Jaen in 1914.

Vatungamiri vechiKristu vanotevera muenzaniso waJesu nokuzvipira kutambudzikira hama nehanzvadzi dzavo, uye kunyange kufira basa ravo kana zvichidikanwa (1 VaKorinte 4:11-13; 2 VaKorinte 11:23-28).

Vatungamiri kana nhengo havana kudaidzwa kuti varwe kana kupokana, asi kuti vabatane mukurumbidza Jesu nekuparidza shoko remuchinjikwa.



“Hapana chinogona kuita kuti pave nekubatana kwakakwana musangano kunze kwemweya wekutsungirira wakafanana naKristu. Satani anogona kudyara kusawirirana; Kristu chete ndiye anogona kubatanidza zvinhu zvisingawirirani.... Kana imi sevashandi vesangano muchida Mwari zvikuru uye muvakidzani wenyu sezvamunozvida imi, ipapo hapazovi nekushanda nesimba kuti muve mukubatana, pachava nekubatana muna Kristu, nzeve dzekutaurira dzichavharwa, uye hapana achazvidza muvakidzani wake. Nhengo dzesangano dzichakoshesa rudo nekubatana uye dzichava semhuri imwe chete huru. Ipapo tichava nemagwaro kunyika achapupura kuti Mwari akatuma Mwanakomana Wake panyika.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Reflecting Christ July 5)